



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

YON AN APRÈ GOUVÈNÈ HOCHUL FIN PASE YON GWO LEJISLASYON SOU LOJMAN, LI ANONSE YO ESTIMASYON 350 000 KAY KE YO KONSTRWI, PREZÈVE OSWA DEBLOKE DEPI LÈ LI ANTRE AN FONKSYON

Gouvènè a vizite nouvo inite abòdab nan katye Gowanus nan Brooklyn, kote yo te sove prèske 8,500 kay gras ak akò lojman istorik Gouvènè a; plis pase 3,200 deja sou pye

Plan lojman 25 milya dola pou 100,000 kay abòdab ap avanse pi vit pase orè a ak plis pase 60,000 inite abòdab ke yo kreye oswa prezève

Devwale nouvo [tablodbò sou entènèt](#) pou piblik la ka swiv pwogrè plan lojman an

Pwogram Kominote ki an Favè Lojman Gouvènè a ki vize konstwi plis lojman lokalman rive touche 300 kominote sètifye

Bidjè ane fiskal 2026 la gen ladan 1.5 milya dola nan nouvo finansman eta pou lojman, ki gen ladan 1 milya dola pou garanti Vil Wi a ak 750 milyon dola pou Kominote ki an Favè Lojman yo

Yo estime jiska 350,000 kay debloke anba lidèchip Gouvènè Hochul la

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a yon total 350,000 inite lojman nan tout eta a te konstwi, konsève oswa an konstriksyon depi lè li te antre an fonksyon an 2021. Gouvènè Hochul te fè anons la pandan li ap vizite yon nouvo inite lojman abòdab nan katye Gowanus nan Brooklyn, kote prèske 8,500 kay te sove gras ak akò lojman istorik Gouvènè a nan bidjè ane pase a ki te gen ladan li yon pwolongasyon pou dat limit 421-a a pou fini konstriksyon an. Gen plis pase 3,200 inite ki deja an konstriksyon oswa fini ane sa a nan Gowanus epi an total, 71,000 kay nan tout vil la – pami yo 21,000 se kay abòdab ki te an danje anvan – te sove gras ak aksyon sa a.

"Rezoud kriz lojman nan Nouyòk la rezime a sèl bagay: mete tout zouti ki disponib pou nou travay pou konstwi epi prezève kay pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se sa administrasyon mwen an angaje li pou li fè, epi se poutèt sa n ap wè pwogrè reyèl sou inisyativ ki ede moun soti nan Vil Nouyòk rive nan Niagara Falls jwenn aksè ak lojman yo bezwen pou yo reyisi. Siksè Plan Lojman nou an, antouzyasm pou

Pwogram Kominote ki an Favè Lojman (Pro-Housing Communities Program) an, ak inite n ap sove yo atravè ekstansyon 421-a a se jis kèk nan fason n ap gen yon enpak reyèl sou fanmi yo ak kominote yo."

Anons sa a bati sou plan lojman 25 milya dola Gouvènè Hochul la, ki avanse pi vit pase orè a ak plis pase 60,000 kay abòdab ki konstwi oswa prezève pou rive nan objektif 100,000 la. Anplis de sa, Gouvènè a te devwale yon nouvo tablodbò sou entènèt pou piblik la ka swiv pwogrè ki fèt sou objektif lojman yo. Pou ranfòse angajman li anvè lojman, Bidjè Eta a pou Ane Fiskal 2026 la gen ladan l 1.5 milya dola nan nouvo finansman pou lojman nan tout eta a ak 750 milyon dola pou Kominote ki An favè Lojman yo pou konstwi plis lojman lokalman.

Plan lojman 25 milya dola a rive kouvri plis pase 60,000 kay abòdab pi bonè pase sa yo te prevwa

Plan Lojman 25 milya dola Gouvènè a an avans delè a, li depase 60,000 kay abòdab ke yo te kreye epi prezève pou rive nan objektif 100,000 la. Kounye a, Nouyòk yo kapab swiv pwogrè Plan an sou yon nouvo tablodbò sou entènèt Gouvènè a te lanse, ki aksesib [isit la](#).

Kominote ki an Favè Lojman yo sètifye 300 minisipalite

Plis pase 300 minisipalite atravè Eta a sètifye nan kad Pwogram Kominote ki an Favè Lojman Gouvènè Hochul la, ki pèmèt vil yo, bouk yo ak vilaj yo jwenn aksè ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè pou ede debloke plis lojman. Pou sipòte plis lokalite k ap fè pati yo pou abòde kriz lojman an, Gouvènè Hochul ap kreye yon fon pou Pwovizyon pou Lojman 100 milyon dola pou Kominote an Favè Lojman ki sètifye pou ede ak pwojè enfrastrikti enpòtan ki nesèsè pou kreye nouvo lojman, tankou amelyorasyon enfrastrikti egou ak dlo.

Anplis de sa a, pou ede asire ke plis lokalite ki vle ankouraje kwasans lojman gen kapasite pou fè sa, Gouvènè Hochul pral bay 5.25 milyon dola nan nouvo finansman sibvansyon pou ofri asistans teknik bay kominote k ap chèche ankouraje kwasans lojman ak devlopman minisipal ki asosye yo.

Bay Vil Nouyòk zouti pou ogmante lojman

Bidjè a gen ladan l 1.025 milya dola nan finansman Eta pou sipòte Vil Nouyòk ak objektif komen Eta a pou ajoute nouvo estòk lojman. Finansman an pral sipòte investisman Vil la ak lejislasyon ki te pase a ki pral pèmèt chanjman zonaj ak lòt aksyon permisif pou plis devlopman lojman atravè pwogram Vil Wi pou Opòtinite Lojman (City of Yes for Housing Opportunity) an. Investisman ak refòm ki anba pwogram sa a espere kreye oswa prezève plis pase 80,000 nouvo kay.

Ekstansyon 421-a ap sove 71,000 apatman nan Vil Nouyòk

Ane pase a, Gouvènè a te pran mezi pou pwolonje dat limit pou fini konstriksyon pou pwojè nan pwogram 421-a ki ekspire a rive nan ane 2031. Yo prevwa ekstansyon an pral kreye 71,000 nouvo kay nan Vil Nouyòk, ki gen ladan 21,000 apatman abòdab. Gouvènè a te vizite yon pwojè 421-a, 585 Union Street nan katye Gowanus nan

Brooklyn, epi li te vizite yon nouvo rezidan. Devlopman nan 585 Union Street gen ladan l 224 apatman, 58 ladan yo abòdab pou moun ki gen revni ki varye ant 40 pousan ak 130 pousan nan Revni Mwayèn Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Ekstansyon Gouvènè a garanti a pèmèt devlopman tankou 585 Union Street ki te gen risk pou yo rate dat limit pou finisman konstriksyon an akòz faktè tankou volatilite sou mache a swit ak pandemi an pou avanse pou pi devan san entèripsyon.

Senatè Eta, Andrew Gounardes, te deklare, "Se pa yon sekre ke pri lojman k ap monte rapidman an ap kraze Nouyòkè yo, epi yon pati enpòtan nan adrese kriz sa a se kreye lojman ki pi abòdab. Inisyativ sa yo enpòtan anpil pou asire ke Nouyòk se yon kote fanmi yo kapab pèmèt yo pran rasin epi pwospere, epi byenke travay nou an poko fini, mwen fyè de pwogrè nou fè a. Nou p ap sispann jiskaske chak Nouyòkè gen yon kote ki estab, abòdab, epi an sekirite pou yo rete. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou travay enpòtan li fè sou sijè sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)